

TÈM LESSON SA A SE PLANT KI NAN ANVIWÒNMAN NOU**SYANS EKSPERIMENTAL****KONSÈY**

Ministè Edikasyon Nasyonal mete nan men tout elèv nan peyi a kaye egzèsis sa a. L ap pèmèt ou aprann konnen kò w, jan li fèt, jan li fonksyone ak tout bon konpòtman ou dwe genyen pou rete an sante.

L ap pèmèt ou konnen tout plant ak tout bêt k ap viv bò kote w. L ap pèmèt ou fè anpil egzèsis pou konprann pi byen tout lesson mèt la oubyen metrès la te fè ak ou nan syans eksperimental.

Pou fè egzèsis yo, w ap bezwen kreyon nwa ak kreyon koulè. Se pou w koute byen, oswa li byen sa yo mande w fè yo pou w ka reyisi egzèsis yo. Apre chak seri egzèsis, w ap jwenn tout sa ou dwe konnen sou lesson an. Pa blye ou dwe refè tout egzèsis yo epi repase tout sa nou dwe konnen yo anvan chak egzamen.

Egzèsis yo enpòtan anpil pou ede w konprann nosyon mèt la oubyen metrès la ap montre w la. Ou dwe fè yo apre chak lesson epi lè mèt la oubyen metrès la mande w fè yo. Si w gen egzèsis ou pa konprann, ale kote mèt la oubyen metrès la pou li ba w plis esplikasyon.

Kaye sa a se pou ou, ou dwe pwoteje l epi kenbe l pwòp.



TÈM : PLANT KI NAN ANVIWÒNMAN NOU

OBJEKTIF :

Klase plant ki nan anviwònman nou daprè jan yo itilize yo.

AN NOU METE KONESANS NOU AN PRATIK

1. Gade pye fwi sa yo byen epi ekri non yo sou liy a) ak an) ki an ba la a.

a-



an-



a) _____

an) _____

2. Ekri non kat (4) lòt plant ki nan lokalite kote w ap viv la e ki konn bay fwi.

3. Ekri non kat (4) pye bwa ki pa bay fwi e ki konn sèvi pou fè planch.

SA NOU DWE KONNEN :


- Ab fwitye se pye bwa ki bay fwi. Egzanp : Pye mango, pye zaboka.
- Ab forestye se pye bwa ki nan forè e ki pa bay fwi ; men, yo ka sèvi pou fè planch. Egzanp : Kajou, chèn.



4- Ekri non kat (4) plant yo konn itilize bò lakay ou pou fè remèd.

Plant medisinal se plant ki ka sèvi pou fè medikaman (remèd).

5- Ekri non twa (3) legim sa yo.



a) _____

an) _____

b) _____


6) Ekri non kat (4) lòt plant yo konn itilize lakay ou pou fè legim

SA NOU DWE KONNEN :

Plant potajè se plant ki sèvi pou fè legim



7) Gade imaj sa yo byen epi reponn kesyon a) ak an) ki an ba la.



a) Di ki sa w wè nan chak imaj yo.

an) Ekri non twa (3) zèb ki gen bò lakay ou bét abitye manje.

SA POU NOU SONJE :

Plant fourajè se plant pou bét manje.



8) Gade imaj sa yo byen epi reponn kesyon a), an) ak b) ki an ba la a.



a) Ki sa chak imaj yo reprezante?

an) Ki bagay ou ka fè avèk chak?

b) Ki sa yo fè ak plant sa yo bò lakay ou?

SA POU NOU SONJE :

Plant tekstil se tout plant ki ka sèvi pou fè fil oubyen twal.



EKRI NON PLANT KI BAY BÈL ODÈ E KI SÈVI KÒM ENGREDYAN NAN LABOUI YO KONN FÈ LAKAY OU.

SA POU NOU SONJE :

Plant awomatik se tout plant ki bay odè — se plant tankou sitwonèl, bazilik, kanèl e latriye.




10) Gade imaj sa yo, epi ekri non 2 plant sa yo ansanm ak sa yo konn fè ak yo. Reponn sou liy a) pou imaj a) epi reponn sou liy an) pou imaj an)



a)

an)



a) _____

an) _____

11) Ekri non kat (4) lòt plant yo konn mete nan manje pou bay manje a gou.

12) Ekri non kat (4) plant yo konn plante nan lakou pou fè lakou a bèl.

SA POU NOU SONJE :

Plant kondimantè se tout plant ki bay manje gou — se plant tankou lay, pèsi, jiwòf e latriye.

Plant ònemantal se tout plant ki plante nan lakou oubyen nenpòt lòt kote pou kreye bète.

